Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2026 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 10 MILYON DOLA POU SIPÒTE AMELYORASYON ABRI POU BÈT YO

Finansman an sipòte pwojè konstriksyon, renovasyon ak ekspansyon nan abri bèt Nouyòk yo ki amelyore swen ak sante bèt yo

Plis pase 48 milyon dola dedye pou Fon Kapital pou Bèt Konpayi Eta a depi 2017

Bidjè 2026-27 la ap kontinye finanse pwochen faz pwogram nan

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay prèske 10 milyon dola pou 31 òganizasyon k ap pran swen bèt nan tout eta a atravè uityèm faz Fon Kapital pou Bèt Konpayi (Companion Animal Capital Projects Fund) Eta Nouyòk la, premye pwogram eta nan peyi a ki finanse pwojè kapital pou abri pou bèt yo. Finansman an pral sipòte pwojè konstriksyon, renovasyon ak agrandisman ki pral amelyore swen ak sante bèt yo epi ede asire adopsyon pou chen ak chat nan Nouyòk, avèk 1 milyon dola ki dedye espesyalman pou òganizasyon abri ki pa gen kontra avèk minisipalite nan rejyon ki pa jwenn ase sèvis yo. Sa bati sou angajman Gouvènè Hochul pou garanti lojman an sekirite ak swen pou chen ak chat ki nan abri pandan y ap tann adopsyon.

"Soti nan chat ak chen rive nan ti bèt tankou lapen, koba, ak plis ankò, bèt domestik yo se manm fanmi yo ye", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Anpil nan bèt konpayon sa yo ki renmen anpil kòmanse vwayaj yo nan yon abri pou bèt oswa yon sosyete pwoteksyon bèt, kidonk mwen fyè pou m kontinye sipòte òganizasyon esansyèl sa yo atravè Fon Pwojè Kapital pou Bèt Konpayi istorik Nouyòk la. Finansman sa a yo bay jodi a pral pote yon chanjman reyèl, lè l ap ede pi byen ekipe sant esansyèl sa yo ak zouti yo bezwen pou kenbe ti bèt zanmi nou yo an sekirite epi byen swenye pandan y ap tann pou yo kontre ak nouvo fanmi yo."

Depi lansman pwogram Fon Kapital pou Bèt Konpayi a an 2017, ke Depatman Agrikilti ak Mache (Department of Agriculture and Markets) a administre, Eta a te dedye plis pase 48 milyon dola nan pwogram nan. An total, yo te akòde 150 pwojè atravè Nouyòk jiskaprezan. Finansman an ede konpanse depans ki asosye ak renovasyon nich pou chen, amelyore enstalasyon medikal yo, oswa bati abri ki pi efikas pou diminye depans operasyon jeneral yo. Pwojè ki resevwa finansman ane sa a gen ladan espas pou viv ki amelyore pou chen ak chat, amelyorasyon nan sistèm chofaj ak HVAC (chofaj,

vantilasyon, ak klimatizasyon), agrandisman enstalasyon yo pou amelyore swen medikal, epi tou lòt amelyorasyon nan enfrastrikti a.

Yo te bay abri yo sibvansyon konpetitif sou baz yon evalyasyon nesesite, yon deskripsyon detaye sou pwojè a ak pri rezonab. Òganizasyon sa yo ap resevwa prim maksimòm-ki disponib nan faz pwogram sa a. Ou ka jwenn yon lis konplè tout 31 òganizasyon ki te resevwa prim yo ansanm ak yon ti deskripsyon sou pwojè ke yo te finanse yo isit la.

- **Animal Kind, Konte Columbia*** – 500,000 dola pou amelyore sistèm elektrik, plonbri ak HVAC yo, epi enstale nouvo enfrastrikti pou chat yo.
- **Asosyasyon Pwoteksyon Bèt nan Konte Chautauqua (Chautauqua County Humane Society) ki nan Konte Chautauqua** – 500,000 dola pou amelyore sanitasyon epi renove mi yo ak planche yo.
- **Vil Newburgh, Konte Orange** – 500,000 dola pou konstriksyon nouvo abri.
- **SPCA Konte Fulton, Konte Fulton*** – 500,000 dola pou amelyore sistèm elektrik ak ekleraj, enstale pwoteksyon kont difè epi konstwi yon nouvo zòn lesiv ak nouvo nich pou chen.
- **Happy Life Animal Rescue, Konte Dutchess** – 500,000 dola pou amelyorasyon sanitasyon, amelyorasyon lojman bèt ak amelyorasyon vantilasyon.
- **SPCA Konte Jefferson, Konte Jefferson –** 500,000 dola pou ajoute nouvo nich ak ekipman anrichisman, epi enstale izolasyon, sistèm HVAC ak planche.
- Asosyasyon pou Pwoteksyon ak Sekou Chen nan Nò Chautauqua **(Northern Chautauqua Canine Rescue)** ki nan Konte Chautauqua – 500,000 dola pou konstriksyon nouvo abri.
- **Konte Ontario, Konte Ontario –** 500,000 dola pou amelyore epi agrandi etablisman ki egziste deja a.
- **Konte Orleans, Konte Orleans** – 500,000 dola pou enstalasyon nich, amelyorasyon kloti ak sistèm HVAC, reparasyon estriktirèl ak amelyorasyon drenaj.
- **St. Lawrence Valley SPCA, Konte St. Lawrence –** 500,000 dola pou amelyore nich yo, ak planche a, enstale sistèm izolasyon son epi remodele biwo a.
- **Vil Hempstead, Konte Nassau –** 500,000 dola pou konstriksyon yon nouvo blòk medikal pou swen chen, enstalasyon nich, sistèm izolasyon son, ak amelyorasyon sistèm chofaj, vantilasyon ak drenaj.
- **Wanderers Rest, Konte Madison** – 500,000 dola pou amelyorasyon gaz ak elektrisite epi enstalasyon nouvo ponp chalè ak sistèm vantilasyon.

*Òganizasyon abri sa yo pa gen kontra ak minisipalite yo.

Komisè Agrikilti Eta Nouyòk la, Richard A. Ball, te deklare, "Abri bèt ak sosyete pwoteksyon bèt yo se òganizasyon ki gen anpil valè pou kominote nou an, yo bay lojman tanporè, swen medikal esansyèl, aktivite anrichisman chak jou, ak anpil bagay

ankò pou bèt yo atravè eta a k ap tann adopsyon. Kounye a nan wityèm faz finansman li, Pwogram Pwojè Kapital pou Bèt Konpayi an te bay òganizasyon sa yo yon enpak reyèl ak pozitif epi mwen fyè pou m wè bon travay la kontinye."

Libby Post, ki se Direktris Egzekitif Federasyon Pwoteksyon Zannimo Eta Nouyòk lan, te deklare, "Yon lòt fwa ankò, lidèchip Eta Nouyòk la montre angajman yo anvè sante ak byennèt bèt konpayi ki pa gen kay yo atravè Fon Kapital pou Bèt Konpayi a. Sibvansyon sa yo se finansman ki pi enpòtan eta a te janm bay epi yo pral ede abri atravè eta a amelyore enstalasyon yo epi an menm tan satisfè egzijans Lwa sou Nòm Swen pou Bèt Konpayi yo. Federasyon an rekonesan anpil pou lidèchip Gouvènè Hochul, Lidè Majorite Sena a Andrea Stewart-Cousins, Prezidan Asanble a Carl Heastie, prezidan komite agrikilti chanm yo respektivman, Senatè Michelle Hinchey ak Manm Asanble Donna Lupardo epi defansè nou yo nan chak chanm, Senatè Joe Addabbo ak Manm Asanble Deborah Glick. Eta Nouyòk se sèl eta nan peyi a ki gen kalite pwogram kapital sa a. Angajman yo te fè sa rive."

Senatè Eta a Michelle Hinchey te deklare, "Fon Kapital pou Bèt Konpayi an se yon liy sovtaj pou abri ak sekou bèt lokal nou yo, li bay sibvansyon enpòtan pou ede modènize enstalasyon yo epi asire bèt ki sou kont yo gen pi bon anviwònman posib pandan y ap tann adopsyon nan kay prefere yo. Mwen toujou fyè dèske mwen jwenn finansman pou pwogram sa a epi mwen felisite tout moun ki te resevwa prim nan dènye faz sa a pou travay ekstrawòdinè y ap fè nan kominote atravè eta nou an."

Manm Asanble Donna Lupardo te deklare, "Depi 2017, Fon Kapital pou Bèt Konpayi nou an deja finanse 150 pwojè, sa ki fè amelyorasyon ki te nesesè anpil nan abri atravè eta a. Mwen kontan anpil ke nou kapab sipòte yon lòt 31 abri nan dènye seri finansman sa a. Nou pa ka remèsye yo ase pou travay enpòtan yo fè a, ki se pran swen bèt pandan y ap tann pou yo jwenn yon kay pou tout lavi. Mwen te wè pèsonèlman ki jan fon sa yo te byen itilize epi mwen konnen ki jan resous sa yo nesesè."

Divizyon Endistri Animal Depatman Agrikilti ak Mache a, ki administre Fon Kapital pou Bèt Konpayi a, reglemante lisans chen, fikse estanda pou swen animal pou chen yo sezi ak enspeksyon abri minisipal yo, administre Pwogram Enspeksyon Machann Bèt Domestik (Pet Dealer Inspection Program) yo epi sipèvize kontra pou Pwogram Kontwòl Popilasyon Animal (Animal Population Control Program) Eta Nouyòk la. Divizyon an ankouraje tou agrikilti pwodiksyon bèt dirab ak sekirite ekipman pou manje ki soti nan bèt atravè efò regilasyon ak edikasyon kowoperativ avèk divès ajans, piblik ak prive.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

ANILE ENSKRIPSYON OU